



Université d'État d'Haïti



**Pwotokòl akò ant Biwo Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon
(BSEA)
ak Inivèsite d Eta d Ayiti
(UEH)**

Oktòb 2020

Pwotokòl akò ant Biwo Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (BSEA) ak Inivèsite d Eta d Ayiti (UEH)

Kontèks ak jistifikasyon-

Depi 1943, Leta peyi d Ayiti antre nan yon demach pou li eseye rezoud pwoblèm analfabetis la nan sosyete a nan kreye divès enstitisyon. Nan sans sa a, divès kanpay nasyonal alfabetizasyon deja reyalize pou eseye leve defi a. Men, jiska prezan, an 2020, pyès moun oubyen òganis pa ka di ki pousantaj moun ki konn li ak ekri nan peyi a toutbon vre nan kad tout jefò sa yo.

Divès rezon kapab esplike sitiyoasyon sa a, tankou : mank volonte politik reyèl ak resous ki nesèsè, absans yon baz done nasyonal fyab, mank volonte diferan sektè nan sosyete a, kilti tradisyon move politik ak estrateji nan domèn alfabetizasyon an Ayiti, eksetera.

Youn nan aspè kesyon an anpil moun pa sezi : analfabetis la se yon pwoblèm nasyonal, sa vle di se yon chay pou peyi a. Yon senp sekreteri d Eta oubyen Leta poukont li pa ka regle pwoblèm sa a. Yon pwoblèm nasyonal mande yon solisyon nasyonal, sa vle di alfabetize twa (3) milyon a kat (4) milyon ayisyen kon sa ki pa konn li ak ekri nan peyi a.

Pou rezon sa yo, nan kad misyon BSEA a ki la pou li travay pou fini ak pwoblèm analfabetis la toutbon, li deside chèche konkou ak patisipasyon tout sektè kle nasyon an ki kapab ede l fini ak kesyon pa konn li, pa konn ekri a nan peyi a yon fwa pou tout.

Se sa ki fè Biwo Sekreteri d Eta pou alfabetizasyon an ansanm ak Inivèsite d Eta d Ayiti (UEH) deside mete tèt yo ansanm pou yo fè yon patenarya ki chita sou alfabetizasyon, edikasyon non fòmèl ak edikasyon popilè. Patenarya sa a fèt an favè mas pèp ayisyen an pou l ka jwi youn nan dwa ki pi enpòtan : dwa pou moun jwenn tout kalite edikasyon ak fòmasyon pandan tout lavi yo pou yo devlope tèt yo, pou yo fè tout kalite pwogrè epi pou yo viv tankou moun toutbon vre.

I – Konsiderasyon-

Lè nou gade seri dispozisyon konstitisyon 1987 amande a sou kesyon edikasyon ak dwa moun pou yo jwenn tout kalite edikasyon ;

Lè nou gade pwotokòl dakò ant Ministè Edikasyon Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl la e Inivèsite d Eta d Ayiti a ki te siyen le twa (3) fevriye 2020;

Lè nou gade seri akò ak trete entènasyonal Leta peyi d Ayiti ratifye sou kesyon edikasyon ak dwa tout moun pou yo benefisye edikasyon nan tout nivo;

Lè nou gade arete prezidansyèl 16 novanm 1994 la ki fikse misyon ak travay Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon an;

Lè nou konsidere dekrè lwa 2005 lan sou òganizasyon ak fonksyonman fonksyon piblik ayisyen an;

Lè nou gade lwa sou òganizasyon ak fonksyonman Inivèsite d Eta d Ayiti (UEH) kòm enstitisyon endepandan;

Lè nou konsidere wòl inivèsite a nan bay sèvis sosyal kominotè, pi espesyalman nan kad edikasyon sivik;

Lè nou konsidere inivèsite a kapab fè bon jan ankèt ak rechèch sou lang ak kilti kreyòl pou devlopman peyi a;

Lè nou konsidere nesosite pou peyi d Ayiti tounen yon sosyete ki chita sou konesans pou li ka leve defi Objektif Devlopman Dirab (ODD) yo;

Lè nou konsidere analfabetis la reprezante youn nan pi gwo fren ki anpeche peyi d Ayiti fè bon jan pwogrè nan tout domèn;

Lè nou konsidere edikasyon kòm pi bon mwayen pou Ayiti rezoud kriz sosyal, kriz ekonomik ak kriz politik san rete l ap viv depi plizyè ane;

Lè nou konsidere pwoblèm analfabetis la se yon pwoblèm nasyonal grav ki mande koperasyon tout sektè pou nou regle pwoblèm sa a nèt, yon fwa pou tout;

Poutèt konsiderasyon sa yo, Biwo Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (BSEA) ak Inivèsite d Eta d Ayiti (UEH) deside devlope yon patenarya pou yo konbat pwoblèm analfabetis la nan peyi d Ayiti ansanm.

II – Baz patenarya a-

Biwo Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon (BSEA) ak Inivèsite d Eta d Ayiti (UEH) devlope yon kad patenarya sou divès pwèn pi ba yo, espesyalman :

- 1) Travay nan tèt ansanm pou ankouraje Leta ayisyen atravè divès enstitisyon tankou :Ministè lajistis, Près nasyonal, Achiv nasyonal ak Biwo Eta Sivil yo, pran tout dispozisyon pou nou gen de (2) vèsyon tout dokiman ak sivil yo nan de (2) lang ofisyèl Repiblik la (kreyòl ak franse) nan yon langaj senp, klè pi fò moun kapab konprann.

- 2) Kreye yon chè Alfabetizasyon, Edikasyon granmoun ak kilti kreyòl nan fakilte Inivèsite Leta a ki pi pwòch domèn nan;
- 3) Chèche finansman pou ede etidyan ki vle fè memwa yo an kreyòl sou alfabetizasyon ak edukasyon granmoun nan peyi d Ayiti epi kreye yon pri rekonpans pou ankouraje tout efò rechèch nan peyi a nan domèn alfabetizasyon ak edukasyon granmoun;
- 4) Ouvri Sekreteri d Eta pou Alfabetizasyon an pou akeyi etidyan finisan ki enterese fè estaj yo nan domèn alfabetizasyon nan biwo santral oswa nan kòdinasyon depatmantal yo si y ap fè etid teren;
- 5) Kreye kondisyon serye pou fasilite patisipasyon etidyan inivèsite Leta kou inivèsite prive nan yon vrè kanpay nasyonal alfabetizasyon efikas epi ba yo sètifika sèvis sosyal yo kòmsadwa;
- 6) Devlope yon plan pou revize materyèl alfabetizasyon SEA ap itilize yo oubyen pou pwodui lòt materyèl didaktik ki mache ak reyalite jodi a;
- 7) Prepare nouvo politik piblik SEA dwe genyen sou kesyon alfabetizasyon ak edukasyon granmoun.

III - Angajman de (2) pati yo-

Angajman BSEA-

BSEA pran angajman :

1. pou l kreye kondisyon lojistik ak kondisyon teknik ki nesèsè pou li akeyi etidyan estajyè yo nan kad estaj y ap fè epi pou l akonpaye yo, nan biwo santral li oubyen sou teren an;
2. pou l fè pwomosyon pou travay rechèch sou alfabetizasyon, edukasyon granmoun ak kilti kreyòl ansanm ak tout lòt rechèch anpirik sou kesyon sa yo nan nivo kòdinasyon depatmantal yo;
3. pou l sèvi kòm entèmedyè pou UEH jwenn tout mwayen ki nesèsè pou li travay nan branch ki konsène domèn entèvansyon BSEA;
4. pou l kreye yon antite/inite pou fasilite patisipasyon sistematik etidyan inivèsite yo nan divès pwogram ak kanpay alfabetizasyon.

Angajman (UEH)-.

UEH (Université d'Etat d'Haiti/ Inivèsite d'Eta d'Ayiti) pran angajman:

1. *pou li bay èd teknik nan domèn entèvansyon BSEA ;*
2. *pou li mete tout kalite espesyalis ak chèchè pou ede BSEA tankou didaktisyen, espesyalis nan domèn edikasyon granmoun, lengwis, demograf, pedagòg, estatistisyen, travayè sosyal, kominikatè sosyal, eksetera;*
3. *pou li sèvi kòm sipò pou ede direksyon/inite/sèvis BSEA yo fè travay yo pi byen;*
4. *pou li sèvi kòm baz mobilizasyon pou fasilite enplikasyon ak patisipasyon aktif etidyan inivèsite yo nan divès pwogram ak kanpay BSEA dwe òganize pou l fini ak kesyon pa konn li, pa konn ekri a nan peyi d Ayiti.*

IV- Dire pwotokòl la-

De (2) pati yo antann yo pou yo siyen dokiman pwotokòl la pou yon peryòd senk (5) an. Sis (6) mwa anvan finisman peryòd sa a, de (2) pati yo ap antann yo pou yo evalye tout reyalizasyon ki fèt nan kad patenarya a epi pou yo fè pwopozisyon sou posiblite pou yo renouvle antant yo, modifiye pwotokòl la oubyen kanpe sou li.

V - Ògàn egzekisyon ak suivi pwotokòl la-

Pou pi ta, kenz (15) jou apre siyati dokiman pwotokòl la, BSEA ak UEH ap antann yo pou yo mete yon komisyon ak reprezantan tou de (2) pati yo sou pye pou yon peryòd senk (5) an.

VI- Wòl komisyon de (2) pati yo ap fòme a-

1. Travay pou reyalize sa ki nan pwotokòl la konsènan antant ak angajman de (2) pati yo tankou:
 - prepare yon plan travay, aktivite ak ajanda k ap gen pou reyalize yo;
 - remèt yon rapò chak twa (3) mwa sou aktivite ki reyalize nan kad aplikasyon pwotokòl la;
 - prepare yon rankont travay chak de (2) mwa ant responsab de (2) enstitisyon yo epi òganize li;
 - reprezante de (2) enstitisyon yo nan kad divès aktivite nan kad patenarya a;
 - fè tout lòt aktivite de (2) enstitisyon patnè yo mande nan kad aplikasyon pwotokòl la;

- Evalye tout reyalizasyon ki fèt nan kad aplikasyon pwotokòl la sis (6) mwa anvan peryòd senk (5) an bout.

VII- Fòmasyon komisyon an-

Chak pati yo ap chwazi twa (3) reprezantan pou fòmasyon yon komisyon sis (6) manm. Manm komisyon yo ap chita ansanm pou yo deside kouman y ap òganize komisyon an ak kalandriye rankont travay yo. Mete sou sa, manm komisyon de (2) pati yo ap antann yo pou yo chwazi kilès nan de (2) enstitisyon yo k ap asire prezidans komisyon an ki dwe fèt sou baz yon woulman chak en (1) an..

VIII- Dispozisyon jeneral yo-

De (2) pati yo rekonèt siyati pwotokòl akò sa a kòm yon fason pou yo kreye yon baz travay nan tèt ansanm, yon fòm deklarasyon entansyon pou yo kolabore selon prensip, kondisyon ak modalite ki parèt nan pwèn pi wo yo.

De (2) pati ki siyen dokiman sa a pran desizyon an ak tout konsyans yo ak tout volonte yo. Yo deside fè tout sa ki posib pou yo respekte tout sa ki ladann.

Patenarya ant de (2) pati yo kòmanse depi yo siyen pwotokòl akò sa a ki gen fòs lalwa menm lè a pou tou de (2) pati yo pandan tout dire pwotokòl akò a prevwa a.

De (2) pati yo siyen :

Pou BSEA :

Pou UEH :

Hervé SAINTILUS
Sekretè d Eta pou Alfabetizasyon

Fritz DESHOMMES
Rektè Inivèsite d Eta d Ayiti

Dokiman an siyen nan komin Pòtoprens, madi 27 Oktòb 2020